



AVÈTISMAN SANTE AK SEKIRITE

Kowonaviris (COVID-19)

1199SEIU
United Healthcare Workers East

LIS VERIFIKASYON POU MENM PÈSONÈL SENDIKA AK DELEGE

Pandan nou kontinye ap aprann detay sou kowonaviris la, I ap enpòtan pou nou pledwaye pou pwoteje sante pasyan, fanmi, ak kominote nou yo.

Gade lis verifikasyon sa a kòm yon gid pou etap ou ka pran nan enstitisyon ou yo pou ede nan batay pou anpeche viris la pwopaje.

PWOTOKÒL AK RÈGLEMEN ENSTITISYONÈL

- Revize pwotokòl espesifik pou **pasyan** nou sispèk genyen oswa yo te dyagnostike ak COVID-19 pou tout disiplin (moun k ap netwaye kay, moun k ap travay nan zafè rejim alimantè, moun k ap travay nan bay swen elatriye).
- Verifie ak revize pwotokòl / règleman **anplwaye** ki pran COVID-19 nan **travay** yo.
- Asire w travayè yo pral touche si yo nan karantèn (san yo pa retire nan tan konje yo) apre yo kapab te pran kontak ak viris ka, si yo te pran kontak ak viris la san dyagnostik, oswa yo gen yon tès dyagnostik ki pozitif.
- Verifie ak revize pwotokòl / règleman anplwaye ki pran COVID-19 pandan vwayaj oswa lòt aktivite pèsònèl.
 - ✓ Èske travayè oblije vwayaje pou travay?
 - ✓ Asire w travayè yo touche si yo entèdi yo vin travay apre yo sispèk yo pran kontak ak viris la.
- Verifie si gen ase Ekipman Pwoteksyon Pèsònèl (Personal Protective Equipment (PPE)).
 - ✓ Blouz, gan, respiratè N95 jetab ki sètifye (yo dwe mezire yo sou travayè yo), pwoteksyon pou je/figi (linèt pwoteksyon, pwoteksyon pou figi).
- Etabli aksè priyorite pou jwenn PPE.
- Verifie nenpòt chanjman ijan nan règleman ki gen kounye a sou planifikasyon orè manm pèsònèl/tan siplemantè.
- Verifie si gen yon règleman an plas pou anplwaye yo deklare si gen posiblite yon moun te pran kontak ak maladi a, ak pou yo evalye ak mete moun sa a nan karantèn pandan I ap touche tout salè li san yo pa retire sou tan konje li.
- Mande nenpòt chanjman ki nesèsè nan règleman konje maladi a pou asire nou ankouraje yo pou rete lakay yo si yo malad.
- Verifie di gen bonjan antretyen chanm izolasyon presyon negatif pou pasyan yo sispèk genyen COVID-19 oswa yo konfime genyen ak pwotokòl la si chanm sa yo konplè oswa yo pa disponib.
- Verifie di gen bonjan antretyen chanm izolasyon presyon negatif pou pasyan yo sispèk genyen COVID-19 oswa yo konfime genyen ak pwotokòl la si chanm sa yo konplè oswa yo pa disponib.

FÒMASYON

- Mande enstitisyon yo pou yo fè fòmasyon sou sèvis nan:

Kontinye sou do a

- ✓ Transmisyon COVID-19 ak nenpòt dènye nouvèl
- ✓ Men kijan ou ka rekonèt kèk ka potansyèl
- ✓ Yon kou pou rafrechi memwa sou fason pou mete ak retire ekipman pwoteksyon pèsònèl pou travayè k ap bay swen dirèk ak EVS yo
- ✓ Pwosedi netwayaj nan chanm yo san danje
- ✓ Teknik ki apwopriye nan jete dechè
- ✓ Fason pou evite kontaminasyon nan touche
- ✓ Fason pou retire ak manyen plato manje pasyan ki ka gen COVID-19 yo
- ✓ Depistaj nouvo vizitè ak egzijans pou mouvman vizitè

PLANIFIKASYON MANM PÈSONÈL

- Plan pou asire gen ase manm pèsònèl si ta gen yon pakèt pasyan k ap vini.
- Plan pou asire gen ase manm pèsònèl an ka ta gen yon pakèt manm pèsònèl ki malad.
- Pwograme plis manm pèsònèl nan netwayaj pou netwaye ak dezenfekte plis.
- Pwograme plis manm pèsònèl nan netwayaj pou netwaye ak dezenfekte plis.

KOMINIKASYON

- Asire gen reprezantasyon delege sendika nan komite repons COVID-19 enstitisyonèl la pou bay dènye nouvèl, aplike prevansyon, ak konbat kont move enfòmasyon.
- Asire direksyon an kominike souvan ak anplwaye yo sou dènye nouvèl nou ak nenpòt chanjman nan règleman ak pwosedi yo.
- Kreye yon fason pou travayè yo soumèt kesyon/enkyetid yo bay sendika a.
- Voye non etablisman an ak non/enfòmasyon pou kontakte reprezantan sendika yo bay Denis Short nan Dennis.Short@1199.org pou suiv.

KONSIDERASYON POU MEZON RETRÈT YO

- Revize règleman konsènan ki rezidan yo pral transfere nan lopital ak kiyès ki pral rete an plas.
- Klarifye wòl CNA yo ak lòt manm pèsònèl nan ede rezidan yo kenbe kontak ak pwòch yo si yo entèdi vizitè.

KONSIDERASYON POU SWEN LAKAY

- Klarifye direktiv pou travayè k ap bay swen lakay yo konsènan nouvo pwotokòl kontwòl enfeksyon ansanm ak pou akonpànye kliyan yo nan sant pou moun aje ak lòt sant kominotè.
- Klarifye règleman sou aksè nan PPE pou lòt moun nan kay la.
- Asire nou distribye dokiman pou bay enfòmasyon nan tout lang ki nesèsè yo.